

KONFLIK KELUARGA WONTEN ING NOVEL KETEMU SUWIRANING DAGING ANGGITANIPUN CH. IS. SARDJOKO

FAMILY CONFLICT IN THE NOVEL OF KETEMU SUWIRANING DAGING BY CH. IS SARDJOKO

Dening: Ratna Palupi, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni,
Universitas Negeri Yogyakarta

Sarining Panaliten

Panaliten menika ancasipun ngandharaken ngengingi *konflik keluarga* wonten salebeting novel *Ketemu Suwiraning Daging*. Panaliten menika dipunrembag kanthi *pendekatan sosiologi sastra*. Pawadan ingkang dipunrembag ing panaliten inggih menika wujud *konflik keluarga*, faktor ingkang njalari *konflik keluarga*, cara mungkasi *konflik keluarga*. Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif* amargi data ingkang dipendhet awujud tembung-tembung ingkang ngasilaken data *deskripsi*. Sumbering data panaliten inggih menika novel basa Jawa kanthi irah-irahan *Ketemu Suwiraning Daging* anggitanipun Ch. Is. Sardjoko. Teknik ingkang dipunginakaken kangge ngempalaken *data* panaliten inggih menika maos saha nyerat. Cara kangge nganalisis *data* inggih menika ngginakaken: 1) *terapan teori*, inggih menika ngginakaken *referensi* kangge mangertosi kadosmenapa panaliten ingkang dipunkajengaken. Terapan teori dipunginakaken supados mangertos wonten arah pundi panaliten menika badhe katindakaken. 2) *kategorisasi*, Inggih menika manggihi konteks cariyos (wujud *konflik keluarga*, faktor ingkang njalari *konflik keluarga*, cara kangge mungkasi *konflik keluarga*). 3) *tabulasi*, inggih menika data-data ingkang dipunteliti wujudipun tabel. Data menika dipunaturaken wonten ing bab ingkang dipunteliti (wujud *konflik keluarga*, faktor ingkang njalari *konflik keluarga*, cara kangge mungkasi *konflik keluarga*). Lajeng dipunanalisis kanthi *deskriptif*. 4) *inferensi*, inggih menika manggihi dudutanipun saking *data-data* ingkang sampun dipunteliti. Cara kangge ngesahaken data inggih menika kanthi ngginakaken *validitas semantik* (tegesipun inggih menika data-data ingkang wujudipun tembung, ukara, wacana, dialog, monolog, interaksi antawis paraga, saha alur ingkang dipunpanggihi saking novel *Ketemu Suwiraning Daging*), saha *reliabilitas intrarater* (tegesipun inggih menika cara ngesahaken data kanthi cara maos makaping-kaping ngantos pikantuk data ingkang leres).

Abstract

The objective of research is to explain family conflict in the Novel of Ketemu Suwiraning Daging. This research will be discussed with approach to the sociology of literature. The purpose is study to find manifestation of the problem, the background factors issues, and how to solve problems. The study included descriptive study because the data used in the form of words that generate data descriptions source of research data is a novel entitled Katamu Suwiraning Daging created by Ch. Is. Sardjoko. Techniques used in collecting the data is read ad write. The technique to analysis the data to use the theory is applied using: 1) a reference to how the research is expected. Applied theory is used in order to determine the direction of research. 2) categorization is to find the context of the story (find manifestation of the problem, the background factors issues, and howto solve problems). 3) tabulation is data used is made in the table. The data that has been found the techniqueto reach validity by contextual semantics that's mean the data in the form of words, sentence, discourse, dialogue, monologue, interaction between characters and plot are found on the novel Ketemu Suwiraning Daging. The realibility of the data is using intrarater (that mean how validate the data by reading over and over again until you get the correct data).

PURWAKA

Karya sastra inggih menika *imajinasi* panganggit ingkang nyariosaken kadadosan ing masarakat. Kadadosan ing padintenan kathah sanget menawi dipunandharaken. Satunggaling karya sastra ingkang asring dipunpanggihi ing masarakat inggih menika *novel*, mliginipun mawi basa Jawa. Karya sastra novel kathah ngandharaken *konflik* wonten pagesangan. Tuladha ingkang limrah dipunpirengaken inggih menika *konflik keluarga*. *Konflik keluarga* dados kawontenan ingkang wajar ing salebeting pagesangan bebrayan. Bab menika kaandharaken wonten karya sastra ingkang dados *ekspresi* panganggit anggenipun nyariyosaken *nilai-nilai* sosial ingkang saged dipunpendhet manfaatipun.

Nilai-nilai sosial ing salebeting kulawarga Jawi taksih ngugemi kabudayan tradisional. Kulawarga ing masarakat Indonesia dipunsebut kulawarga inti. Kulawarga inti minangka satunggaling kelompok pertalian kulawarga ingkang taksih ngukuhaken saha nglestantunaken nilai sosial. Proses sosialisasi ing masarakat mliginipun kulawarga ing tlatah Jawi taksih ngugemi kaidah kabudayan luhur kanthi turun-temurun. Dene proses sosial ing kulawarga ingkang boten trep kaliyan nilai kejawen saged nuwuhaken *konflik*.

Adhedhasar prekawis ing nginggil menika, panaliti badhe nлити perkawis menika kanthi irah-irahan “*Konflik Keluarga Wonten ing Novel Ketemu Suwiraning Daging*”.

Wosing Prekawis ing panaliten menika kaperang kados ing ngandhap menika.

1. Menapa wujudipun *konflik keluarga* ingkang dipunlampahi dening para paraga wonten ing novel *Ketemu Suwiraning Daging*.
2. Faktor menapa kemawon ingkang njalari *konflik keluarga* wonten ing novel *Ketemu Suwiraning Daging*.
3. Kadospundi caranipun mungkasi *konflik keluarga* wonten ing novel *Ketemu Suwiraning Daging*.

GEGARAN TEORI

Tembung *Sastra* menika saking basa Sansekerta *Cas* ingkang tegesipun ngarahaken, pitutur, instruksi. Lajeng *-tra* tegesipun alat, sarana. *Sastra* tegesipun alat kangge sinau, buku petunjuk, utawi buku pengajaran. Miturut pamanggihipun Zaidan (1994:181), sastra inggih menika “*umumnya sastra berupa teks rekaan baik puisi maupun prosa yang nilainya tergantung pada kedalaman pikiran dan ekspresi jiwa*”. Sastra menika mujudaken kasil karya *ekspresif* saking saben panyerat lan saben tiyang ingkang dados panyerat gadhah pamanggih ingkang mawarna-warni.

Miturut pamanggihipun Rahmanto (1988:13) ngengingi sastra inggih menika, “*sastra, tidak seperti halnya ilmu kimia atau sejarah, tidaklah menyuguhkan ilmu pengetahuan dalam bentuk jadi. Sastra berkaitan erat dengan semua aspek manusia dan alam dengan keseluruhannya. Setiap*

karya sastra selalu menghadirkan sesuatu yang kerap menyajikan banyak hal yang apabila dihayati benar-benar akan semakin menambah pengetahuan orang yang menghayati". Sastra menika mujudaken satunggaling karya ciptaan manungsa ingkang salebetipun wonten emosi, konflik, saha piwulang (*nilai moral*).

Sastrawan saged damel cariyos fiksi ingkang *inspirasinipun* saking kadadosan wonten lingkungan masarakat. Sastra saged nggugah penggalih saking lampahing cariyos. Sastra dipunserat dados satunggaling karangan ingkang wosipun ngandharaken pikiran saha pangraos tumrap pangesangan.

Istilah *Sosiologi* asalipun saking tembung *socios* (Latin) tegesipun kanca, saha *logos* (Yunani) tegesipun ngelmu. Wonten ing pirembagan ingkang samenika bidang ngelmu *sosiologi sastra* sampun sae. *Socios* tegesipun masarakat, *logos* tegesipun ngelmu. *Sosiologi* inggih menika ngelmu ingkang ngrembag bab masarakat. Pramila saking andharan menika saged kapendhet dudutanipun bilih *sosiologi* inggih menika ngelmu ingkang ngrembag bab masarakat, lajeng *sastra* inggih menika salah satunggaling alat kangge sinau.

Miturut pamanggihipun Ratna (2003: 1-2), bilih *sosiologi sastra* inggih menika, "*berasal dari bahasa Yunani dari kata socios yang artinya bersama-sama, bersatu, kawan, teman, dan logos yang artinya sabda, perkataan, perumpamaan*". Panaliten ingkang ngginakaken pendekatan *sosiologi sastra* gayut kaliyan *ilmu sosiologi* amargi ingkang dipunrembag sami-sami kadadosan ing

masarakat (sosial). Bedanipun bilih *sosiologi sastra* inggih menika ilmu ingkang dipunginakaken kangge madosi *fenomena* masarakat ing salebeting karya sastra, dene *sosiologi* menika ilmu ingkang ngrembag kadadosan utawi *fenomena* masarakat ingkang riil.

Sosiologi sastra jumbuh dipunginakaken wonten panaliten *skripsi* kanthi objek kajian *konflik keluarga* menika. Jumbuh kaliyan objek kajian panaliten menika lajeng miturut pamanggihipun Damono (2003:2-10) "*bahwa di dalam ilmu sastra apabila sastra dikaitkan dengan struktur sosial, hubungan kekeluargaan, pertentangan kelas, dan lain-lain dapat digunakan sosiologi sastra*". Saking pamanggih menika saged dados pancadan wonten pirembagan bilih *konflik keluarga* saged dipuntliti mawi *sosiologi sastra*. *Sosiologi sastra* inggih menika pendekatan kangge ngrembag karya sastra ingkang gayut kaliyan masarakat. Pendekatan menika wigatos sanget kangge panaliten kanthi irah-irahan *Konflik Keluarga Wonten Ing Novel Ketemu Suwiraning Daging* anggitanipun Ch. Is. Sardjoko.

Gayut kaliyan objek panaliten *konflik keluarga* menika, miturut pamanggihipun Endraswara (2004: 77-79), "*sosiologi sastra adalah penelitian yang terfokus pada masalah manusia*". Tegesipun inggih menika panaliten ingkang ngginakaken pendekatan *sosiologi sastra* menika ngrembag perkawis *sosial* (manungsa). Karya sastra novel ngewrat unsur *intrinsik* saha *ekstrinsik* kangge nyusun

cariyos supados ngasilaken cariyos ingkang sae. Gayut kaliyan panaliten sastra, miturut pamanggihipun Semi (1988:35) ngengingi unsur ing salebeteing novel inggih menika “*unsur-unsur yang membangun sebuah novel secara garis besar dapat dikelompokkan menjadi dua yaitu struktur luar ekstrinsik dan struktur dalam (intrinsik)*”. Tegesipun unsur *ekstrinsik* inggih menika sedaya unsur ingkang asalipun saking njawi karya sastra nanging gadhah pengaruh ageng kangge ndamel grengsengipun cariyos. Tuladhanipun inggih menika politik, sosial, ekonomi, budaya, agama, adat-istiadat, saha norma masarakat.

Tembung *konflik* asalipun saking basa Latin “*configere*” tegesipun “*saling memukul*”. Pangertosan *konflik* inggih menika dredah ing salebeting proses sosial antawisipun satunggaling tiyang kaliyan tiyang sanesipun utawi wonten ing satunggaling kelompok tartamtu. *Konflik* kalampahan amargi wonten kawontenan ingkang boten trep kaliyan nilai sosial masarakat. *Konflik* ugi saged kalampahan ing penggalhipun tiyang ingkang nglampahi *konflik* saged awujud raos ingkang boten sekeca jalaran tumindak ingkang nerak paugeran. *Konflik* menika wonten gayutipun kaliyan unsur emosional pribadi ingkang nglampahi *konflik*.

Unsur emosional mliginipun ing masarakat Jawi awujud isin utawi lingsem saha urmat. Nilai kejawen ngengingi raos urmat saha isin utawi lingsem minangka pangertosan ingkang kompleks tegesipun. Masarakat Jawi mliginipun keluarga ngginaaken tata krama

kagem nglampahi proses sosial ing anggota keluarga. Ing panaliten menika *konflik keluarga* badhe dipuntliti kanthi temen ing pirembagan. Panaliten menika *fokus* ngrembag wujud *konflik keluarga*, faktor ingkang njalari *konflik keluarga*, saha cara kangge mungkasi *konflik keluarga*.

Keluarga menika limrahipun kasusun saking bapak, ibu, saha putra. *Keluarga* ingkang kados menika kasebut *keluarga inti* utawi *keluarga batih*. Miturut pamanggihipun Geertz (1983: 4) ngengingi keluarga inggih menika, “*dari sudut pandangan bekerjanya masyarakat, sistem pertalian keluarga Jawa, keluarga inti (nucleus family) sebagai kelompok pertalian keluarga yang terpenting. Di dalamnya nilai-nilai sosial diwariskan dan dikukuhkan.*” Tegesipun inggih menika keluarga Jawi taksih ngugemi paugeran sosial ing masarakat bilih *nilai sosial* ing masarakat Jawi tansah dipunwarisaken kanthi turun-temurun.

Perkawis ing masarakat Jawi ngengingi kulawarga inggih menika ngengingi nilai-nilai sosial. Nilai sosial ing kulawarga antawisipun wontenipun raos wedi utawi ajrih, lan isin utawi lingsem. Miturut pamanggihipun Geertz (1983: 118), “*wedi dapat merupakan suatu reaksi terhadap ancaman yang timbul dari situasi sosial. Isin ialah suatu tanggapan syak wasangka yang ruwet, bukan saja terkandung rasa takut tetapi juga suatu harga diri yang dirasa rendah, dan hanya berkenaan dengan jarak sosial, termasuk jarak yang ditimpakan sendiri karena adanya pelanggaran sosial*”.

Tegesipun inggih menika bilih wedi minangka reaksi ingkang wonten gayutipun kaliyan ancaman saking situasi sosial. Tuladhanipun: anak ingkang ajrih kaliyan tiyang sepuh amargi dipundukani.

Isin tegesipun inggih menika raos boten sekeca ing manah ngengingi jarak sosial, harga diri. Tuladhanipun: sesambetan pacangan ingkang sesidheman. Menawi kawiyak ndadosaken ingkang nglampahi ngraosaken harga dhirinipun anjlok, saha tanggapanipun masarakat ingkang nganggep awon tumindakipun.

Miturut pamanggihipun Geertz (1983: 7) ngengingi definisi keluarga Jawi inggih menika, “*Bagi setiap orang Jawa, keluarga yaitu orang tua, anak-anak, merupakan orang-orang yang terpenting. Mereka member bimbingan moral, membantu dari masa kanak-kanak menenmpuh usia tua dengan mempelajari budaya Jawa*”. tegesipun bilih ing masarakat Jawi mliginipun *keluarga* Jawi, *peranan keluarga* dados perkawis ingkang penting tumrap lampahing proses sosial ingkang sae.

Nilai-nilai sosial ingkang dipunugemi tumrap keluarga inggih menika urmat saha lingsem. Urmat inggih menika kalebet satunggaling *situasi sosial* ing masarakat Jawi. Urmat minangka tata krama ing salebeting *interaksi sosial* mliginipun ing *keluarga*. Urmat tumrap masarakat Jawi dipunginakaken dhateng tiyang ingkang langkung sepuh utawi statusipun langkung inggil. Urmat limrahipun

awujud tata krama tumindak saking badan, asta, nada suara ingkang alus, istilah penyapa (tuladha: nak, dhik), saha ngginakaken basa krama anggenipun pangandikan. Tuladha urmat inggih menika, menawi tiyang estri statusipun priyayi, lajeng tiyang jaleripun statusipun tani, pramila tiyang estrinipun ngendika tanpa basa-basi urmat, langkung-langkung bilih sampun tepang. Suwalikipun tiyang jaler ingkang statusipun langkung andhap anggenipun mangsuli kanthi basa krama.

CARA PANALITEN

Panaliten irah-irahan *Ketemu Suwiraning Daging* anggitanipun Ch. Is. Sardjoko menika kalebet panaliten *deskriptif* amargi data ingkang dipendhet awujud tembung-tembung ingkang ngasilaken data *deskripsi*. Teknik ingkang dipunginakaken kangge ngempalaken *data* panaliten inggih menika maos saha nyerat.

Cara kangge nganalisis *data* inggih menika ngginakaken *terapan teori*, inggih menika ngginakaken *referensi* kangge mangertosi kadosmenapa panaliten ingkang dipunkajengaken. Cara kangge ngesahaken data kanthi ngginakaken *validitas semantik* (tegesipun inggih menika data-data ingkang wujudipun tembung, ukara, wacana, dialog, monolog, interaksi antawis paraga, saha alur ingkang dipunpanggihi saking novel *Ketemu Suwiraning Daging*), saha *reliabilitas intrarater* (tegesipun inggih menika cara ngesahaken data kanthi cara maos makaping-kaping ngantos pikantuk data ingkang leres).

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN

Konflik keluarga ingkang badhe dipunrembag saking novel *Ketemu Suwiraning Daging* anggitanipun Ch. Is. Sardjoko inggih menika wujud *konflik keluarga*, faktor ingkang njalari *konflik keluarga*, cara kangge mungkasi *konflik keluarga*. Paraga ingkang nglampahi *konflik keluarga* inggih menika R.A. Wara Artanti, Raharjo (Harjo), Kanjeng Raden Tumenggung Widyodiningrat (Rama Menggung), R.A. Retno Windarti (Ibu Menggung), Mbok Ginah, dr. Husodo, K.R.T. Purbokusumo, R.A. Retno Harjanti, Wara Ayuningtyas (Ayu), Karsih, Pak Slamet. *Konflik keluarga* menika badhe dipunrembag wonten ing pirembagan.

Miturut asiling panaliten saking novel *Ketemu Suwiraning Daging* anggitanipun Ch. Is. Sardjoko menika, panaliti manggihi wujud *konflik keluarga*, faktor ingkang njalari *konflik keluarga*, cara kangge mungkasi *konflik keluarga* ingkang dipunlampahi paraga. *Konflik keluarga* ingkang dipuntindakaken dening paraga wonten ing nginggil menika badhe dipunandharaken wonten ing tabel wujud *konflik keluarga*, faktor ingkang njalari *konflik keluarga*, cara kangge mungkasi *konflik keluarga*.

1. Wujud *konflik keluarga*

a. Rama Menggung duka dhateng Artanti

Rama Rama Menggung kaget nalika pirsu Ibu Menggung medal saking kamar priksa nedahaken pasuryan bilih saweg duka.

Piyambakipun kaget nanging nyimpen pitakenanipun. Menika datanipun.

Rama Menggung gumun, dene garwane ora katon gerah, ning nuduhake yen ora keduga penggalihe. (*Ketemu Suwiraning Daging*: kaca 64)

Data ing nginggil menika nedahaken bilih Rama Menggung gumun dhateng pasuryanipun Ibu Menggung ingkang nedahaken raos duka. Piyambakipun pirsu bilih garwanipun boten gerah, nanging wonten perkawis ingkang disimpen. Piyambakipun lajeng nyuwun pirsu jalaranipun dhateng garwanipun. Menika datanipun.

(Rama Menggung gumun, dene garwane katon gerah, ning nuduhake yen ora keduga penggalihe).

Bu, isih mumet, pa? (pitakone karo bribik-bribik arep mangerteni apa kang marakake garwane katon sungkawa).

Kula boten punapa-punapa, Kangmas. (wangsulane Bu Menggung kanthi rasa mangkel, duka, lan sedhih). (*Ketemu Suwiraning Daging*: kaca 64)

Data ing nginggil menika nedahaken bilih Ibu Menggung duka. Rama Menggung lajeng nyuwun pirsu jalaranipun. Piyambakipun gumun bilih garwanipun boten gerah, nanging wangsulanipun nalika disuwuni pirsu nedahaken bilih saestu duka. Piyambakipun lajeng ngambali anggenipun nyuwun pirsu. Menika Datnipun.

Lha ana apa, Bu? (*Ketemu Suwiraning Daging: kaca 64*)

Data ing nginggil menika nedahaken bilih Rama Menggung ngambali pitakenanipun jalaran dereng marem dhateng wangsulanipun Ibu Menggung. Piyambakipun lajeng ngambali pitakenan kanthi sora ingkang ndadosaken garwanipun kaget. Menika datanipun.

“Bu ana apa? Kok kendel!”

“Artanti ngandhut, Kangmas”.

“Banjur karo sapa?” (*Ketemu Suwiraning Daging: kaca 65*)

Data ing nginggil menika nedahaken bilih Ibu Menggung duka amargi putranipun. Rama Menggung nyuwun pirsaa dhateng piyambakipun lajeng mangsuli bilih Artanti ngandhut. Rama Menggung kaget lajeng badhe tindak wonten kamaripun Artanti. Menika pethikan datanipun.

“Wis tak takonane Artanti”.

“Sa, sabar, Kangmas....sabaaaaar....kedahipun rak kaliyan kula, supados Gendhuk Tanti mboten ajrih.” (*Ketemu Suwiraning Daging: kaca 65*)

Data ing nginggil menika nedahaken bilih Rama Menggung duka ageng dhateng Artanti jalaran tumindakipun ngantos dumugi ngandhut. Ibu Menggung pirsaa lajeng nggondheli supados sabar lan sesarengan anggenipun tindak wonten kamaripun Artanti.

Rama Menggung lajeng nimbali Artanti. Menika pethikan datanipun.

“Tanti! Kowe ngandheg, ya? Kok bisa-bisane ana lelakon kaya mangkene. Kowe kudu blaka, Tanti, karo sapa anggonmu tumindak!” (*Ketemu Suwiraning Daging: kaca 66*)

Data ing nginggil menika nedahaken bilih Rama menggung duka dhateng Artanti. Putranipun wonten ing kamar namung muwun boten wantun mangsuli pitakenan ramanipun. Piyambakipun lajeng ngambali pitakenan dhateng putranipun, kajengipun supados purun walaka kaliyan sinten anggenipun nglampahi sesambetan ngantos piyambakipun ngandhut. Putranipun namung kendel lajeng dipuntimbali malih. Menika pethikan datanipun.

“Heh, Tanti! Apa kupingmu budheg. Sapa lanangan sing wis wani tumindak tranyakan kuwi?”

“Kakang Harjo, Rama.”

“Hah, Harjo baturmu kuwi?!”

(*Ketemu Suwiraning Daging: kaca 66*)

Data ing nginggil menika nedahaken bilih Rama Menggung duka dhateng Artanti jalaran boten mangsuli nalika dipuntimbali, sinten ingkang sampun tumindak tranyakan. Artanti lajeng mangsuli matur walaka kanthi raos ingkang ajrih bilih sesambetanipun kalampahan kalihan Harjo. Rama Menggung lajeng mindhak duka nalika pikantuk

wangsulan bilih putranipun nglampahi tumindak nistha kaliyan abdinipun.

2. Faktor ingkang njalari *konflik keluarga*

a. Mangertosi kandhutanipun Artanti lajeng ndukani Harjo.

Rama Menggung pikantuk wangsulan saking Artanti menawi anggenipun ngandhut jalaran sesambetan kaliyan Harjo. Piyambakipun lajeng duka dhateng Harjo jalaran tumindakipun Harjo ingkang sampun damel lingsem saha gerah penggalhipun. Piyambakipun boten nampi tumindakipun abdinipun ingkang sampun nranyak. Menika datanipun.

“Setan alas kowe, Harjo! Bener Artanti, ya bendaramu kuwi olehe ngandheg karo kowe?”

“Ing, ing, inggih, Rama.”

Mireng wangsulane Harjo, sepisan maneh Rama Menggung nendhang Harjo. (*Ketemu Suwiraning Daging: kaca 67*)

Data ing nginggil menika nedahaken bilih Rama Menggung duka ageng kanthi ngendika atos dhumateng Harjo. Piyambakipun duka amargi tumindakipun ingkang sampun damel lingsem kulawarga saha njalari Artanti ngandhut. Piyambakipun boten wantun mirsani pasuryanipun bendaranipun, lajeng nyaosi wangsulan bilih Artanti ngandhut jalaran sesambetan kalihan piyambakipun. Rama Menggung lajeng mindhak duka dhateng Harjo. Menika datanipun.

“Harjo.... Harjo....Setan alas. Kowe mono wong kok ora nyawang githokmu. Kowe

kuwi saka cilik tak ithik-ithik, tak tresnani, tak anggep batih, ning kok piwalesmu kaya ngono. Wong tuwamu lelorone ngrumangsani, ning kok kowe wani nranyak, prasasat mopoki tai marang aku. Aku iki isih dharahing ngaluhur, balik kowe rak mung batur. Kowe ndak paringi kebebasan, kok malah ngidak-idak kawibawan lan ajining dhiriku sabrayat?”

(*Ketemu Suwiraning Daging: kaca 67*)

Data ing nginggil menika nedahaken bilih Rama Menggung duka dhateng Harjo amargi sampun nranyak lajeng njalari Artanti ngandhut. Piyambakipun lajeng ngendika bilih tumindakipun Harjo menika sami kalihan setan alas. Piyambakipun nglajengaken dukanipun bilih Harjo dados abdi boten ngrumaosi asal-usulipun bilih sakawit alit dipungulawenthah kanthi sae miturut tata cara. Piyambakipun nresnani kadosdene putra piyambak, nanging nalika sampun diwasa malah piwalesipun damel wirang tumrap kulawarga.

Rama Menggung duka ageng dhateng Harjo amargi nglampahi tumindak ingkang asor. Piyambakipun ngendika bilih abdinipun ingkang kaanggep batih dipungadhang saged njagi asmanipun kulawarga Katumenggungan, nanging wusananipun tumindak nranyak dhateng bendaranipun. Menika datanipun.

“Harjo....! Kowe kuwi uwong ning watakmu kewan. Mangka kirik wae yen digemateni bendarane, diithik-ithik, niteni lan setya ora gelem nyathek. Ning nyatane

piye kowe karo bendaramu....kowe wis wani nranyak.” (*Ketemu Suwiraning Daging*: kaca 67)

Data nginggil menika nedahaken bilih Rama Menggung duka lan kuciwa dhateng Harjo. Piyambakipun gerah penggalhipun jalaran tumindak abdiipun, lajeng ngendika bilih tumindakipun langkung asor tinimbang kewan jalaran nranyak dhateng bendaranipun. Piyambakipun kuciwa bilih tumindakipun abdinipun ingkang kumawani njalari kulawarga nampi wirang.

3. Cara mungkasi *konflik keluarga*

- a. Rama Menggung misahaken Artanti lan Harjo kanthi cara nundhung kesah Harjo.

Rama Menggung boten saged nampi Harjo dados mantu amargi namung abdi. Piyambakipun lajeng nundhung kesah abdinipun jalaran tumindak nranyak dhateng bendaranipun. Menika datanipun.

“Harjo.... Harjo....Setan alas. Kowe mono wong kok ora nyawang githokmu. Kowe kuwi saka cilik tak ithik-ithik, tak tresnani, tak anggep batih, ning kok piwalesmu kaya ngono. Harjo....kowe wes gawe kucen asmaku, wis gawe wirangku, ora pantas kowe mapan ing Katumenggungan kene. Luwih becik, yen kowe minggat saka kene, ben ora nyepet-nyepeti mripatku. Kana metu!” dhawuhe nggetak karo muwun. Sawetara kuwi, Artanti dicekeli kenceng dening ramane supaya ora gathuk maneh karo Harjo (*Ketemu Suwiraning Daging*: kaca 67-68)

Data ing nginggil menika nedahaken bilih Rama Menggung duka lajeng nundhung kesah Harjo jalaran tumindakipun sampun damel wirang kulawarga Katumenggungan. Piyambakipun boten nampi abdinipun mapan wonten Katumenggungan malih jalaran tumindakipun nranyak dhateng bendaranipun. Piyambakipun menggalihaken bilih tumindakipun Harjo kadosdene setan alas jalaran boten ngrumaosi asal-usulipun.

Rama Menggung ngendika bilih Harjo sakawit alit sampun dipungulawenthah kanthi sae miturut tata cara. Harjo sampun dipuntresnani kadosdene putra piyambak, nanging nalika sampun diwasa piwalesipun malah damel wirang kulawarga. Piyambakipun lajeng nundhung kesah Harjo awit duka lan gerah penggalhipun. Piyambakipun lajeng nyepengi astanipun Artanti supados boten sesambetan malih kalihan abdinipun.

DUDUTAN

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan saking novel *Ketemu Suwiraning Daging* anggitanipun Ch. Is. Sardjoko babagan konflik keluarga, lajeng dipunpendhet dudutanipun inggih menika.

1. Data ing nginggil menika manggihaken Wujud *konflik keluarga* inggih menika Harjo ajrih menawi sesambetanipun kaliyan Artanti kawiyak, Ibu Menggung duka dhateng Artanti, Rama Menggung duka dhateng Artanti, Rama Menggung nganiaya Harjo lajeng nundhung kesah, Mbok Ginah kuciwa dhateng Harjo, Rama

Menggung duka lajeng misahaken Harjo lan Artanti, Harjo kesah tanpa pamit, Artanti kesah, Rama Menggung gerah, Ibu Menggung gerah, Harjo lan Artanti boten sami pepanggihan, Karsih tilar donya.

2. Data wonten ing nginggil menika lajeng manggihaken *faktor* ingkang njalari *konflik keluarga* inggih menika Harjo lan Artanti gadhah asmara ingkang sesidheman lajeng nglantari Artanti ngandhut, mangertosi kandhutanipun Artanti, mangertosi kandhutanipun Artanti lajeng ndukani Harjo, Rama Menggung boten sarujuk bilih Harjo sesambetan kaliyan Artanti, mangertosi bilih Harjo tumindak boten sae dhateng bendaranipun, mangertosi tumindakipun Harjo kaliyan Artanti ingkang damel lingsem kulawarga, Harjo serik manahipun jalaran dipuntundhung Rama Menggung, Artanti nyingkiri raos wirang amargi ngandhut, menggalihaken kawontenanipun Artanti, menggalihaken kawontenanipun Artanti, serik manahipun, gerah awit ngongso anggenipun nyambut damel.
3. Data wonten ing nginggil menika manggihaken cara kangge mungkasi *konflik keluarga* inggih menika Artanti lan Harjo matur walaka dhateng Rama Menggung nalika kandhutanipun kawiyak, Ibu Menggung nampi kawontenan Artanti lajeng nyuwun tanggeljawabipun Harjo, Rama Menggung misahaken Artanti kaliyan Harjo kanthi cara nundhung kesah Harjo, Rama Menggung lilih penggalhipun lajeng kersa nikahaken

Artanti lan Harjo, Mbok Ginah nyuwun dhateng Harjo supados tanggel jawab, Harjo kesah tanpa pamit, ndherek manggen ing kulawarganipun Pak Slamet lajeng dipunnikahaken kaliyan Karsih, Artanti kesah ndherek rama pamanipun, Rama Menggung nampi kawontenanipun Artanti, Ibu Menggung nampi kawontenanipun Artanti, harjo kesah tanpa pamit, Harjo kepanggih Artanti lajeng bebrayan.

KAPUSTAKAN

- Damono, Sapardi Djoko. 1979. *Sosiologi Sastra Sebuah Pengantar Ringkas*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- 2002. *Pedoman Penelitian sosiologi Sastra*. Jakarta: Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional.
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.
- 2004. *Metodologi Penelitian Sastra*. FBS. UNY.
- 2011. *Metodologi Penelitian Sosiologi Sastra*. FBS. UNY.
- 2011. *Metodologi Penelitian Sosiologi Sastra*. Yogyakarta. Caps.
- Geertz, Hildred. 1983. *Keluarga Jawa*. Jakarta Pusat: Grafiti Pers.
- Rahmanto, B. 1988. *Metode Pengajaran Sastra*. Yogyakarta: Kanisius
- Ratna, Nyoman Kutha. 2003. *Paradigma Sosiologi Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Sardjoko, Ch. Is. 2013. *Ketemu Suwiraning Daging*. Yogyakarta: Azza Grafika.

Semi, Atar. 1985. *Kritik Sastra*. Bandung: Angkasa.

----- . 1988. *Anatomi Sastra*. Padang: Angkasa Raya.

Zaidan, Abdul Rozak, dkk. 1994. *Kamus Istilah Sastra*. Yogyakarta. Balai Pustaka.